

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON ORAL
(PALE AK KOUTE) | #1



Pale ak pitit ou a nan lang matènèl ou (yo) epi pataje kilti ou yo ak eksperyans ou yo ak li ap ede li ranfòse aprantisaj anglè li. Sèvi ak jwèt ak aktivite amizan sa yo nan nenpòt lang pou favorize devlopman langaj yo an jeneral.




Amize w avèk Son yo

Mo yo fèt ak son. Panse ak diferan son ki fè pati mo ou konnen yo.

1. Chwazi yon bagay bò kote ou.
2. Di pitit ou a non bagay la.
3. Dekonpoze mo a an son.
4. Mande pitit ou a pou l di w ki premye son ak ki dènye son li te tande.

Egzanp: *Sa se yon goblè.* Son yo se: /g/ /o/ /b/ /l/ /è/. Premye son an se /g/.

Dènye son an se /è/.



Laboratwa Pratik Koute

Li byen fò oswa rakonte yon istwa. Ou bezwen yon lide istwa? Chwazi youn nan sa yo:

Mistè

Yon istwa ki gen yon leson

Istwa komik

Istwa fanmi

Istwa anfans

Atik journal


Epi poze kesyon:

- Konbyen _____ ki genyen?
- Ki koulè _____ ye ?
- Ki gwosè _____ ye?
- Ki fòm _____ genyen?
- De kisa istwa a pale prensipalman?
- Kisa ou wè nan tèt ou?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Ki koulè balon an ye? Li wouj.



Jwe Komedi

1. Chwazi yon aktivite nan lis la.
2. Fè yon jwèt jwe wòl la.
3. Lòt jwèt yo ta dwe, lè tou pa yo, devine aktivite a nan itilize fraz konplè.

Egzanp:

Èske w ap danse? W ap danse!



Patinaj



Dans



Manje



Chante



Dòmi



Sote

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON ORAL
(PALE AK KOUTE) | #1



Bouje

Ale deyò ak pitit ou a. Pale de bagay ou wè yo. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Kisa sa yo ye?
- Ki gwosè li?
- Ki fòm li?
- Ki koulè li?
- Konbyen ki la?
- Kisa ou wè?



Kabin Foto


Konpare de foto: bèt ou pi renmen an ak bèt pitit ou a pi renmen. Pale de sa ki menm ak sa ki diferan.

Epitou, ou ka konpare...

Kote nan mond lan



Fwi ak Legim



Enstriman mizik



Plant yo



Atelye Atizay

1. Jwenn papye ak zouti pou kolorye.
2. Lè tou pa w, trase bagay ki **wouj** yo.
3. Aprè sa, youn poze lòt kesyon sou desen yo. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

Kisa sa ye?

Ki gwosè li?

Ki fòm li?

Kisa sa yo ye?

Ki gwosè yo ye?

Ki fòm yo genyen?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Sa a se yon pòm.

Li piti.

Li won.

Pwochèn fwa, chwazi yon koulè ki diferan.



Mwen wè

Chwazi yon jwè pou ou Kòmanse. Jwè sa a ap chwazi yon bagay an silans, yon bagay tout moun ka wè epi aprè, bay endis ki dekri li a. Lòt jwè yo ta dwe devine ki sa objè a ye. .

Bagay pou dekri:

Koulè

Fòm

Pozisyon

Anplasman

Gwosè

Egzanp:

Mwen wè yon bagay sou tab la.

Mwen wè yon bagay oranj.

Mwen wè yon bagay ki piti.

Mwen wè yon bagay ki won.

